

DENCANDI YU JAMP NGIR DUNDINU KËR

Kër gu nekk daa war a am boyetu deNcandi Yu jàmp.

Nosteg kurang, ndox, dem ak dikk ak yeneen nosteg dundin mënañoo baña dox ay fan yu bëri walla sax lu ko ëpp ci yenn barab yi ginaaw bu suuf si yengoo walla yengatug jaawu ji. Barab walla lopitaal yiy yengatu ci walla woowu mënañoo jàpp ba duñu la mën a dimbali ci saa si. Boo ame ndimbal gu njëkk ak ay dencandi dina aar sa bopp, dina tax sa dundu gën a neex, te dina tax nga mën a aaru ginaaw beneen yengatuug suuf.

Boo amee dencandi gu jàmp yu jàppandi dina tax nga waññi mettitu yengatug suuf si, ngelaw bu bëri bi walla yeneen mbir yu jàmp ngir yaw ak sa njaboot.

Sampal ay dencandi yu jàmp ci ay barab yu woor.

Denc leen fi nga xam ne foofu ngay gën a nekk, ba tax di nga leen a mën a jot budee sax sa kër gi daa am ay yakku-yakku.

Boyet yi dinañ la amal jëriñ ngir ay jàmp jàmp yu bëri.

Bokk na ci sa dencandi yu jàmp lekk, ndox, lampa, rajo mbagg, batiri, boyetu faju bu njëkk, xalis, yeneen garab, ab mbiip, fayukaayu lakk-lakk, xoolal lim bii ci suuf.

Dencal boyet bu mag ci sa biiru kër, nga baayi bu ndaw bi ci sa oto, te tamit nga defar ab boyetu YOBBALEMA booy genn sa kër. Saaku ginaaw walla yeneen saak yu ndaw ñoo gën ci boyetu dencandi YOBBALEMA ndax mën nga leen a yobale sooy génn.

Boyetu kër ngir dencandi yu jàmp

Jëndël mbir yi top ngir ñu mën a yàgg ci lumu neew-neew ñett fan walla ba 2 ayu-bis, ci li gën:

- Ndox (ci lumu neew-neew benn bidonj bis bu nekk ngir benn nit)
 - Lekk yuñ def ci bidonj walla paket
 - Jëfekaayu waañ, teg ci këyitu jëfandikukat
 - Garab fojukaay
 - Ngir tuwaaletu (saabu, patu bëñ, ay mbir ngir sellal yaram)
 - Kuushu liir ak lekku liir, budee soxlo nga ko
 - Lekku xaj walla muus walla lu ni mé!
 - Yéré yu and ak saa soosu te nduggu, bokk na ci yeneen kawas
 - Mbàjj walla saaku nelawukaay, walla sax ab tant
 - Fotokopi këyit yu am solo lu ci melni këyitu asuraas
 - Ràjo mbàgg ak yeneen batiri (walla jaku ngir sarséwaat)
 - Yeneen lamp tors walla sondeel
 - Tereuy ngir fay gaas ak dencandi ndox
 - Gangu liggeeyukaay ak gillé karaangé
 - Saaku palastic liggeey yu diis ngir denc pubél, walla jëfandiko ko ab tuwaal, permeyabal ak yeneen jëfandiku
 - Dencandi tógg ci biti ak ay taalukaay
- Jëfandiku te soppo àt bu nekk mbir yi mën a yàkku lu melni ndox, lekk, garabu faju ak batiri.

